



Pou Piblikasyon Imedya: 25/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ 17.4 MILYON DOLA POU REYABILITE TWA PON ENPÒTAN NAN HUDSON VALLEY

***Nouvo teras pon yo, sifas wout yo ak reparasyon konkrè yo pral amelyore sekirite ak amelyore rezilyans nan koridò vwayaj enpòtan yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay ap fèt sou yon pwojè 17.4 milyon dola pou reyabilite twa pon otowout nan Hudson Valley, pou amelyore sekirite ak amelyore rezistans sou wout vwayaj enpòtan pou rezidan yo ak vwayajè nan twa konte yo. Avèk sipò Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay la, pwojè a pral enstale nouvo teras, sifas wout yo epi fè lòt reparasyon nan pon sou wout Eta 52 nan Konte Orange, Wout Eta 304 nan Konte Rockland ak wout Illington nan Konte Westchester, ki sèvi plizyè milye otomobilis yo chak jou epi pasaje yo itilize anpil pou yo rive nan gwo otowout rejyon an – ki gen ladan New York State Thruway ak Cross Westchester Expressway (Interstate 287) – ansanm ak anpil nan destinasyon ki pi popilè nan zòn nan. Chak pon yo reyabilite yo gen plis pase 50 an.

"Lè nou envesti nan enfrastrikti, n ap asire kominote nou yo rete konekte epi yo pare pou reponn ak defi chanjman klimatik yo poze", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Reabilitasyon twa pon Hudson Valley sa yo pral fasilite vwayaj nan kèk nan koridò vwayaj ki pi mouvman nan rejyon an, ki pral ranfòse ekonomi nou an, amelyore kalite lavi ak sekirite piblik, epi ede kenbe kominote nou yo pwospere."

Travay sou twa pon yo gen ladan enstalasyon nouvo teras pon totalman kontinyèl ak san jwenti ki pral diminye depans antretyen alontèm, kreye yon sikilasyon pi fasil epi ogmante lavi jeneral pon yo. Amelyorasyon adisyonèl yo enkli nouvo sifas wout, reparasyon travès an asye, ranplasman waf yo, reparasyon poto an beton ak travay sèvis piblik. Yo pral itilize asfalt melanje cho avèk vè kraze resikle epi yo ap resikle lòt materyèl ki sou plas yo epi itilize ankò jan sa aplikab.

Pwojè a pral reyabilite pon sa yo:

- State Route 52 sou Interstate 84 nan vil Newburgh, Konte Orange, ki te konstwi okòmansman an 1963.

- State Route 304 sou Interstate 287 nan vil Clarkstown, Konte Rockland, ki te konstwi okòmansman an 1953.
- Illington Road sou Taconic State Parkway nan Vil Yorktown, Konte Westchester, ki te konstwi okòmansman an 1967.

Travay la te deja kòmanse sou pon State Route 52 ak Illington Road. Konstriksyon an pral kòmanse sou pon State Route 304 nan mwa k ap vini yo. Pwojè a sipoze fini jiska ete 2026 la.

Fèmte akotman yo pral fèt sou Interstate 84, Taconic State Parkway ak Interstate 287 pou akomode konstriksyon. Lòt chanjman nan sikilasyon yo gen ladan:

- State Route 52 ak State Route 304 pral diminye pou tounen yon vwa nan chak direksyon.
- Pasaj siperyè Illington Road la pral fèmen pou sikilasyon.

**Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York pran angajman pou l investi nan enfrastrikti nou an pou rann li pi rezistan. Pwojè sa a pral modènize twa pon enpòtan nan Hudson Valley, pou fè yo pare pou kèlkeswa defi manman lanati gen pou nou epi ede asire ekonomi Eta New York la kontinye grandi epi kominote lokal nou yo kontinye pwospere."

**Reprezantan Pat Ryan te deklare,** "Lwa Bipatit sou Enfrastrikti a te debloke plizyè milya dola pou revitalize enfrastrikti transpò nou an epi kreye plizyè milye travay ki byen peye sou wout la. M ap fè efò chak jou pou m founi lajan ak travay sa yo atravè tout Hudson Valley. Investisman enpòtan sa a nan Konte Orange pral ofri wout ki pi an sekirite pou fanmi Newburgh yo epi amelyore rezistans pon nou yo pandan n ap pote enfrastrikti nou an nan 21yèm syèk la."

**Senatè Eta a, Peter Harckham, te deklare,** "Kenbe enfrastrikti enpòtan, tankou wout ak pon nou yo, se priyorite prensipal mwen, pandan n ap kontinye sipòte ekonomi New York la. Kòmansman pwojè amenajman pou twa pon enpòtan nan Hudson Valley, ki gen ladan youn nan Vil Yorktown, se yon bon nouvèl paske li pral benefisye rezidan yo ak biznis lokal yo, ansanm ak vizitè yo nan zòn nan ak komès ant eta yo. Mwen apresye gwo patenarya ak Gouvènè Hochul nan investi nan sekirite transpò ak kwasans ekonomik kontinyè nan New York."

**Senatè Eta Robert Rolison, te deklare,** "Pwojè enfrastrikti sa a esansyèl pou kenbe aksè nan atè prensipal transpò nan eta nou an epi pou amelyore sekirite ak byennèt anviwònman bati nou an. Mwen bat bravo pou gouvènè a pou investisman enpòtan sa a nan yon pon otowout Vil Newburgh e mwen espere travay avèk patnè eta nou yo pou renove ak refè sifas plis wout rejyon nou an pou chofè yo ka vwayaje pi an sekirite ak alèz."

**Senatè Eta a, William Weber te deklare,** "Reyabilitasyon pon State Route 304 sou Interstate 287 la nesèsè anpil e li pral byenvini pou tout moun. Mwen kontan eta a tande enkyetid sou enfrastrikti nou yo epi li ap pran mezi ki nesèsè yo pou rezoud yo."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare,** "Vyadik sa a se youn nan pati wout 52 ki pi itilize, paske li konekte ak I-84 atravè Sòti 37 nan Newburgh. Mwen pase sou pon sa a chak jou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pou pwojè reyabilitasyon sa a. Li enpòtan anpil pou nou kenbe wout nou yo ak pon nou yo — non sèlman pou evite katastwòf nan lavni, men pou asire yon pi bon kalite lavi."

**Egzekitif Konte Rockland Ian, Ed Day, te deklare,** "Nou kwè ke asire enfrastrikti transpò fyab ak an sekirite pou Hudson Valley enpòtan anpil epi nou bat bravo pou dènye investisman an nan pon State Route 304 nan Konte Rockland."

**Manm Asanble a Kenneth Zebrowski, te deklare,** "Route 304 la se yon gwo wout atravè Konte Rockland epi sifas ki pase sou Thruway Eta New York la se toujou yon pwoblèm. Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul ak DOT ap idantifye pwojè enfrastrikti tankou sa a ki bezwen reyabilitasyon anpil epi fè investisman enpòtan. Travay sa a pral fè yon diferans remakab pou plizyè milye abitan Rockland ki itilize chak jou Route 304 pou deplase nan Konte a."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul paske li te bay plizyè milyon dola nan finansman pou ede reyabilite pon Illington Road ki kouvri Taconic State Parkway nan Yorktown. Pon an patikilye sa a gen prèske 60 ane epi li nan yon eta reparasyon ki nesèsè anpil. Administrasyon nou an te pwouve angajman li pou amelyorasyon enfrastrikti ak wout yo pou ede konstwi yon Konte Westchester ki pi solid, epi finansman sa a pral ede asire sekirite rezidan ak vwayajè ki sèvi ak pon sa a pou vwayaje chak jou."

### **Enfòmasyon sou Depatman Transpò**

Depatman Transpò Eta New York ap fè efò pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York. Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU